| DOKUMEN MADRASAH | NAMA : |
|---|---|
| SANGAT RAHASIA | NOMOR : |

**MI HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL**

**PENILAIAN AKHIR SEMESTER MADRASAH IBTIDAIYAH**

**TAHUN PELAJARAN 2024/2025**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Nama Madrasah | : | MI Hidayatul Mubtadiin Dempel | Hari | : | ……………………. |
| Mata Pelajaran | : | BAHASA JAWA | Tanggal | : | ……………………. |
| Kelas | : | VI (Enam) | Waktu | : | 90 Menit |

I. Pilihlah salah satu jawaban yang paling benar!

1. Teks kang isine kumpulan data utawa fakta kang wis diolah satemah nduweni makna kanggo pamacane diarani teks …
   A. Dheskripsi C. informasi
   B. Eksposisi D. narasi
2. Ing ngisor iki jinis-jinis teks informasi, kajaba …
   A. Teks fiksi C. teks pawarta
   B. Teks pariwara D. teks persuasi
3. Wacan kang isine informasi ngenani sawjining prastawa kang dumadi diarani teks …
   A. Dheskripsi C. pawarta
   B. Narasi D. persuasi
4. Ing ngisor iki titikane basa sajrone pawarta, kajaba …
   A. Narik kawigaten C. cekak
   B. Dawa D. cetha
5. Unsur kang ngemot papan kadadeyan ing sajrone pawarta iku diarani …
   A. What C. where
   B. When D. why
6. Salah siji tuladha kalawarti basa jawa yaiku …
   A. Jawa pos C. kompas
   B. Solo pos D. panjebar semangat
7. Jinis kalawarti adhedhasar wektu, kajaba …
   A. Pawarta crita C. pawarta ndinan
   B. Pawarta dadakan D. pawarta opini
8. Jinis pawarta adhedhasar wilayah, kajaba …

LIVEWORKSHEETS

A. Lokal C. nasional

B. Regional D. kulawarga

9. Pagawean utawa profesi kang ngupaya golek lan nulis warta diarani …

A. Wartawan C redaksi

B. Narasumber D. wawancara

10. Karangan sing isine ngajak utawa mangaribawani sing maca diarani …

A. Narasi C. Argumentasi

B. Dheskripsi D. Persuasi

11. Ing ngisor iki **ora** klebu perangane teks persuasi, yaiku …

A. Pangenalan konflik C. Rerangken argument

B. Pangenalan isu D. Pranyatan ajakan

Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 12- 19!

Kahanan kali saiki sangsaya nggegirisi. Kali-kali padha buthek lan reged jalaran kena polusi. Polusi kasebut disebabake dening tumpukan uwuh yaiku uwuh pomahan lan limbah pabrik. Uwuh lan limbah kasebut ngrusak ekosistem kali.

Ora among banyune, kewan sarta tanduran kang urip ing kali kena dampak polusi. Iwak-iwak ing kali padha ilang jalaran kaline kebak uwuh, unthuk limbah, lan banyu limbah pabrik. Supaya kali tetep bisa lestari, ayo awake dhewe njaga kali wiwit saiki! Aja mbuwang uwuh lan limbah ana kali. Satemah kali bisa bening lan resik kaya jaman biyen.

12. Wacan kasebut klebu jinis teks …

A. Persuasi C. Dheskripsi

B. Pawarta D. Narasi

13. Irah-irahan kang trep karo wacan kasebut, yaiku …

A. Njaga Polusi Kali C. Aja Mbuwang Uwuh

B. Njaga Ekosistem Kali D. Aja Ngrusak Kali

14. Kahanan kali saiki akeh sing …

A. Bening C. Resik

B. Apik D. Buthek

15. Kali padha reged jalaran …

A. Akeh iwake C. Akeh uwuhe

B. Akeh thukulane D. Akeh banyune

16. Iwak-iwak ing kali dadi … jalaran kena limbah.

A. Akeh C. Kathah

B. Ilang D. Ora kurang

LIVEWORKSHEETS

17. Tembung uwuh padha tegese karo …

A. Kawruh C. Sampah

B. Jumbuh D. Weruh

18. Ing ngisor iki panyebab polusi ing kali, kajaba …

A. Akeh wit enceng gondhok C. Limbah pomahan

B. Tumpukan uwuh D. Limbah pabrik

19. Ing ngisor iki ukara ajak-ajak kang ana sajrone wacan, yaiku …

A. Supaya kali kang awake dhewe karepake kawujud

B. Ayo, awake dhewe njaga karesikan kali wiwit saiki

C. Aja mbuwang uwuh lan limbah ana kali

D. Saengga kali bisa bening lan resik kaya jaman biyen.

20. Tembang macapat klebu jinis …

A. Kasusastran jawa C. tembang dolanan

B. Tembang ageng D. unen-unen jawa

21. Kang ora klebu jinise tembang macapat, yaiku …

A. Girisa C. Asmaradana

B. Megatruh D. Maskumambang

22. Tembung pangkur asale saka tembung …

A. Mangku C. Mungkur

B. Pangku D. Pangurip

23. Tembang macapat kang nggambarake mangsa tuwane manungsa kang ngungkurake kadonyan yaiku …

A. Dhandhanggula C. Pangkur

B. Maskumambang D. Pocung

24. Sing ngripta tembang "Pangkur" yaiku …

A. Kanjeng sunan mayagung C. Kanjeng sunan kalijaga

B. Kanjeng sunan muryapada D. Kanjeng sunan bonang

25. Watake tembang "Pangkur" yaiku …

A. Nengsemake, luwes C. Sereng, tandhes, lugas

B. Seneng, asih, tresna D. Prihatin, asih

26. Miturut paugeran, saben sapada tembang "pangkur" kasusun …

A. 7 gatra C. 9 gatra

B. 8 gatra D. 10 gatra

27. Cacahing wanda saben sagatra diarani …

A. Guru gatra C. Guru wilangan

LIVEWORKSHEETS

B. Guru lagu | D. Sasmita

28. Tembang sing diripta dening kanjeng  Sunan Kalijaga yaiku …

A. Dhandhanggula | C. Pangkur

B. Durma | D. Megatruh

Cakepan tembang ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 29-32!

| |
|---|
| Pancen ampuh pancasila<br>Mratandhani tunggal budi pakarti<br>Iku prajanjen kang luhur<br>Urip tentrem raharja<br>Kanggo pandom guyub rukun trus ambangun<br>Uga dhasaring nagara<br>Paugeran kang wigati |

29. Miturut paugerane, cakepan tembang kasebut mujudake tembang …

A. Durma | C. Mijil

B. Pangkur | D. Maskumambang

30. Guru wilangane gatra kalima, yaiku …

A. 8 | C. 11

B. 10 | D. 12

31. Guru lagu gatra katelu, yaiku …

A. U | C. Ur

B. A | D. Lur

32. Guru wilangan lan guru lagu tembang kasebut yaiku …

A. 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i | C. 8u, 11i, 8u, 7a, 12i, 8a, 8i

B. 9a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i | D. 9u, 11i, 8u, 7a, 12i, 8a, 8i

33. Rumaket, sumanak, grapyak iku watake tembang …

A. Mijil | C. Kinanthi

B. Maskumambang | D. Gambuh

34. Tembang pangkur nduweni watak …

A. Tandhes, lugas, sereng | C. Seneng, asih, tresna

B. Prihatin, sedhih, getun | D. sedhih, kuciwa, nelangsa

35. Sekar pangkur kang winarna.

Tembung winarna ing ukara kesebut nduweni teges …

A. Agung | C. dicritakake

B. Angkara murka | D. ilmu

36. Ing ngisor iki trap-trapane nggancarake tembang, kajaba …

LIVEWORKSHEETS

A. Negesi tembung kang angel
B. Ndhapuk teges saben larik
C. mbangun larik dadi paragrap
D. nembang kanthi manut paugeran

37. Sing nglagokake tembang ing pagelaran wayang diarani …
A. Dhalang
B. Sindhen
C. niyaga
D. blencong

38. Pitutur luhur tembang macapat bisa dimangerteni kanthi sarana mangerteni …. Luwih dhisik.
A. Isine tembang
B. Judule tembang
C. wiramane tembang
D. watake tembang

39. Ing ngisor iki jinis unen-unen jawa, kajaba …
A. Paribasan
B. Bebasan
C. Saloka
D. Geguritan

40. Ing ngisor iki kang dudu titikane bebasan, yaiku …
A. Ajeg panganggone
B. Tegese ora entar
C. Tanpa jejer
D. ngemu surasa pepindhan

41. "Yitna yuwana lena kena."
Ukara ing dhuwur klebu jinise …
A. Paribasan
B. Parikan
C. Bebasan
D. Saloka

42. "Nututi layangan pedhot"
Ukara ing dhuwur klebu jinise …
A. Parikan
B. Paribasan
C. Bebasan
D. Saloka

43. "Ula marani gepuk"
Ukara ing dhuwur klebu jinise …
A. Saloka
B. Paribasan
C. Bebasan
D. Pepindhan

44. "Mikul dhuwur mendhem jero"
Ukara ing nduwur tegese …
A. Bisa njunjung drajate wong tuwa lan nutup wadine kaluwarga
B. Dituturi bola-bali meksa ora digugu
C. Ngoyak barang sepele, kelangan barang kang luwih aji
D. Tumindak ala kanthi kongkonan wong liya

45. " Sapa … bakal seleh."
Tembung sing cocog kanggo ngisi unen-unen kasebut yaiku …

LIVEWORKSHEETS

A. Bener
B. Males
C. Pinter
D. Salah

46. " Sepi ing … rame ing gawe"

Tembung sing cocog kanggo ngisi unen-unen kasebut yaiku …

A. Omah
B. Pamrih
C. Tuku
D. Tulung

47. Unen-unen "dhayung oleh kendhung tegese …

A. Diwenehi kapitayan nanging malah gawe kapitunan
B. Nyambut gawe tansah kuatir yen luput
C. Pikoleh samubarang kanthi gampang
D. Wong oleh kabegjan kang gedhe

48. Unen-unen "adigang adigung adiguna" tegese …

A. Ngendelake kekuwatan, kaluhuran, lan kapinteran
B. Tumindak becik dibales tumindak ala
C. Kegedhen kekarepan nanging kurang sembada
D. Diwenehi sithik njaluk luwih akeh

49. Wong kang uripe memelas cocok karo unen-unen …

A. Bebek mungsuh mliwis
B. Gajah ngidah rapah
C. jamur tuwuh ing sela
D. kriwikan dadi grojogan

50. Saben papan utawa dhaerah nduweni adat utawa tatacara dhewe-dhewe, kaya unen-unen …

A. Ana catur mungkur
B. Adigang adigung adiguna
C. desa mawa cara Negara mawa tata
D. jer basuki mawa beya

LIVEWORKSHEETS